

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Sumber Data Panalungtikan

Nu dimaksud sumber data dina ieu panalungtikan nya éta ti mana asalna subjék data anu bisa dibeunangkeun (Arikunto, 2010, kc. 172).

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa Kelas VII B MTs Mohamad Toha taun ajaran 2013/2014. Téhnik nangtukeun sumber data ku cara purposif.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Métode dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén, nya éta ngayakeun kagiatan percobaan pikeun niténan hasil. Campbell & Stanley dina Arikunto (2010, kc. 123) ngabagi desain panalungtikan kana dua kelompok, nya éta *Pre Experimental Design* jeung *True Experimental Design*. *Pre Experimental* sering disebut '*quasi experiment*', bédana jeung *True Experimental* nya éta tina kelas kontrol. *Quasi experiment* teu maké kelas kontrol, sedengkeun *True Experimental* maké kelas kontrol.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan ékspérimén nya éta métode kuasi ékspérimén nu maké desain *pre-test and post-test group*. Arikunto (2010, Kc. 124) nétélakeun yén dina desain *pre-test and post-test group* obsérvasi dilakukeun dua kali nya éta saméméh ékspérimén jeung sanggeus ékspérimén. Obsérvasi nu dilakukeun saméméh ékspérimén ( $O_1$ ) disebut pratés, jeung obsérvasi nu dilakukeun sabada ékspérimén ( $O_2$ ) disebut pascatés.

Bébédan antara  $O_1$  jeung  $O_2$  nya éta  $O_2 - O_1$  mangrupa éfék tina *treatment* atawa ékspérimén.

- $O_1$  = nilai pratés (saacan dibéré *treatment*)  
 $O_2$  = nilai pascatés (sanggeus dibéré *treatment*)  
 $X$  = *treatment* atawa ékspérimén  
 $O_2 - O_1$  = pangaruh pangajaran kana hasil diajar

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan bisa dihartikeun minangka cara ilmiah pikeun meunangkeun data nu luyu jeung tujuan bisa dimekarkeun, jeung dibuktikeun hiji pangaweruh nu tangtu nepi ka bisa dipaké pikeun ngungkulan masalah dina widang atikan (Sugiyono, 2013, kc. 6).

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén nu miboga tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina pangajaran nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar*.

### 3.4 Wangenan Oprasional

- 1) Média *kartu kata bergambar* nya éta alat bantu dina ngahontal tujuan pangajaran mangrupa kartu nu eusina kekecapan jeung aya gambarna.
- 2) Nulis karangan éksposisi nya éta hiji kagiatan nulis wacana anu ngajelaskeun hiji hal, misalna ngajelaskeun harti hiji hal, ngajelaskeun naon anu geus diomongkeun atawa ditulis ku jalma lian, ngajelaskeun kumaha jadinya hiji hal, ngajelaskeun kajadian nu geus kaliwat atawa nu keur karandapan, ngajelaskeun pentingna hiji hal, jeung sajabana. Karangan éksposisi miboga genep méthode, nya éta: (1) méthode identifikasi, (2) méthode babandingan, (3) méthode ilustrasi atawa ékspemplikasi, (4) méthode klasifikasi, (5) méthode définisi, jeung (6) méthode analisis.

*Riki Sugiarto, 2014*

*Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi*  
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen nu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data nya éta tés. Tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2010, kc. 193).

Data nu dikumpulkeun nya éta data pratés (saméméh ngagunakeun média *kartu kata bergambar*), jeung data pascaté (sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar*). Ieu tés nguji kamampuh siswa dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés nyieun éséi, ieu tés dipilih lantaran dianggap bisa ngébréhkeun kamampuh hasil diajar nulis karangan éksposisi sacara objéktif. Téma anu dipaké ku siswa nya éta ngeunaan kadaharan. Pikeun pratés jeung pascaté, disadiakeun dua judul anu kudu dipilih ku siswa nya éta cara nyieun goréng sangu jeung cara nyieun tumis kangkung. Nu bakal dipeunteun dina karangan éksposisi siswa aya lima aspék, nya éta: kualitas lingkup jeung eusi, organisasi jeung tampilan eusi, struktur kalimah, éjahan, jeung karapihan tulisan.

Instrumén pratés jeung pascaté anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dititénan saperti kieu:

#### 1) Instrumén pratés

Pék jieun karangan éksposisi,  
katangtuanana saperti ieu di handap:

1. Karangan minimal tilu paragraf
2. Pilih salasihiji judul di handap:
  - a. Nyieun goréng sangu
  - b. Nyieun tumis kangkung
3. Komponén nu dipeunteun:
  - a. Kualitas jeung lingkup eusi
  - b. Organisasi jeung tampilan eusi
  - c. Struktur kalimah
  - d. Ejahan
  - e. Karapihan tulisan
4. Waktu hiji jam pelajaran

## 2) Instrumén pascatés

			
<b>Bawang beureum</b>	<b>Bawang bodas</b>	<b>Cabé</b>	<b>Endog hayam</b>
			
<b>Goréng sangü</b>	<b>Kangkung</b>	<b>Katé</b>	<b>Kécap</b>
			
<b>Kompör</b>	<b>Minyak goréng</b>	<b>Pécin</b>	<b>Piring</b>
			
<b>Sangü</b>	<b>Tomat</b>	<b>Tumis kangkung</b>	<b>Uyah</b>

Pék jieun karangan éksposisi, katangtuanana saperti ieu di handap:

1. Pilih *kartu kata bergambar*
2. Susun *kartu kata bergambar*
3. Pilih salasihiji judul di handap:
  - a. Nyieun goréng sangu
  - b. Nyieun tumis kangkung
4. Karangan minimal tilu paragraf
5. Komponén nu dipeunteun:
  - a. Kualitas jeung lingkup eusi
  - b. Organisasi jeung tampilan eusi
  - c. Struktur kalimah
  - d. Ejahan
  - e. Karapihan tulisan
6. Waktu hiji jam pelajaran

### **3.6 Téhnik Ngolah Data**

Data nu diolah dina ieu panalungtikan nya éta data pratés jeung pascaté. Éta data diolah pikeun mikanyaho hasil tina prosés pangajaran nulis karangan éksposisi saméméh jeung sabada ngagunakeun média kartu kata bergambar. Dina ieu bagian, dipedar cara ngolah data tina hasil pangajaran. Méré peunteun jeung analisis data mangrupa léngkah-léngkah nganalisis anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

#### **3.6.1 Méré Peunteun Nulis Karangan Éksposisi**

*Riki Sugiarto, 2014*

*Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Méré peunteun nulis karangan éksposisi ngagunakeun léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- maca hasil karangan siswa;
- nandaan aspék-aspék dina karangan siswa; jeung
- méré peunteun ngagunakeun kritéria, tuluy diasupkeun kana tabél 3.3. Kritéria penilaian nulis karangan éksposisi saperti ieu:

Tabél 3.1  
Kritéria Meunteun Hasil Karangan Éksposisi

No	Aspék Pangajaran	Skor	Keterangan
(1)	(2)	(3)	(4)
A	<b>Kualitas lingkup jeung eusi</b>	5	Ngarti pisan, pinuh ku gagasan, luyu jeung topik, jéntré pisan
		4	Ngarti, pinuh ku gagasan, luyu jeung topik, jéntré
		3	Ngarti tapi kawates, gagasan ngawates, sarta jéntré ngawates
		2	Kurang ngarti, kurang gagasan, kurang jéntré
		1	Teu ngarti, miskin gagasan, teu luyu jeung topik
B	<b>Organisasi jeung tampilan eusi</b>	5	Eusi lengkep pisan, rinci pisan, urutan logis, kohési luhur pisan
		4	Eusi lengkep, rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
		3	Eusi lengkep, kurang rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
		2	Eusi teu lengkep, kurang rinci, urutan kurang logis, kohési teu luhur
		1	Eusi kurang pisan, teu rinci, urutan teu logis, euweuh kohési
C	<b>Struktur kalimah</b>	5	Merenah pisan, éféktif pisan, ngawasa pisan, milih kecap

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

			anu merenah
		4	Merenah, éféktif, milih kecap merenah, saeutik salahna
		3	Merenah kalawan ngawates, milih kecap merenah aya kasalahan
		2	Kurang merenah, kurang éféktif, kurang ngawasa milih kecap, loba kasalahan
		1	Teu merenah, teu éféktif, teu paham milih kecap, loba pisan kasalahan
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>	<b>(4)</b>
<b>D</b>	<b>Éjahan</b>	5	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan
		4	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, aya kasalahan
		3	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, teu loba kasalahan
		2	Kurang ngawasa kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan
		1	Teu ngawasa kaédah dina nulis kecap, teu cukup dipeunteun
<b>E</b>	<b>Karapihan tulisan</b>	5	Alus pisan, rapih, babari kabaca, beresih
		4	Alus, rapih, kabaca, saeutik corétan
		3	Kurang rapih, kabaca, loba corétan
		2	Teu rapih, teu loba anu kabaca, loba corétan, kotor
		1	Teu rapih, tulisan teu kabaca
<b>Jumlah Skor</b>			<b>5 – 25</b>

Kacindekan skor:

Hadé pisan : 23 - 25

Hadé : 19 - 22

Sedeng : 15 - 18

Kurang : 10 - 14

*Riki Sugiarto, 2014*

*Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposis*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kurang pisan : 5 - 9

Keterangan:

- 1) Kualitas lingkup jeung eusi, mariksa jumlah gagasan dina tulisan nu disusun ku siswa.
- 2) Organisasi jeung tampilan eusi, ide nu aya dina runtuyan kalimah-kalimah nu sinambung.
- 3) Struktur kalimah, ngagunakeun kalimah nu éfektif jeung kekecapan nu merenah sarta basa nu bener.
- 4) Éjahan, dipuseurkeun kana ngagunakeun huruf kapital, ngamimitian nulis, ngagunakeun awalan, motong engang, jeung ngagunakeun tanda baca.
- 5) Karapihan tulisan, mangrupa tampilan fisik. Tulisan hasil siswa nu jelas tur kabaca.

Pikeun nangtukeun peunteun atawa skor nulis karangan éksposisi, digunakeun pedoman meunteun saperti tabél 3.1. Skor maksimal karangan siswa nya éta 30. Skor nu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$N = \frac{\text{Skor anu kahontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Tabél 3.2

Kategori Kaparigelan Nulis Karangan Éksposisi

No	Kategori	Skor
1	Mampuh	$\geq 60$
2	Can mampuh	$< 60$

Sangkan leuwih jelas, skor ahir siswa ditabulasikeun dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.3

Skor Tés Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

*Riki Sugiarto, 2014*

*Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



No	Wasta	A	B	C	D	E	$\Sigma$	N	Kategori

Keterangan:

A = Kualitas lingkup jeung eusi

B = Organisasi jeung tampilan eusi

C = Struktur kalimah

D = Éjahan

E = Karapihan tulisan

$\Sigma$  = Jumlah skor

N = Peunteun

### 3.6.2 Uji Sipat Data

#### a. Uji Normalitas

Uji normalitas miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu, rumus *chi kuadrat*  $x^2$  bisa digunakeun. Léngkah-léngkah nguji normalitas saperti ieu di handap:

- 1) Nyieun tabél frékuénsi pratés jeung pascatés

Tabél 3.4

Frékuénsi Pratés atawa Pascatés

No	Kelas Interval	$f_i$	$x_i$	$x_i^2$	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
	$\Sigma$					

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposis

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pratés jeung pascatés.

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

$\bar{x}$  : rata-rata nilai tés

$\sum f_i x_i$  : jumlah skor nilai kali frékuénsi

$\sum f_i$  : jumlah subjék

- 3) Néangan standar déviasi ngagunakeun rumus

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Katerangan:

$sd$  : standar déviasi

$\sum f_i x_i^2$  : jumlah frékuénsi nilai

$(\sum f_i x_i)^2$  : jumlah frékuénsi nilai x kuadrat

$n$  : jumlah subjék panalungtikan

- 4) Nyieun frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi langkah-langkahna nya éta

- a) Ngitung jumlah kelas ( $k$ )

$$k = 3.3 \log n$$

- b) Ngitung rentangan ( $r$ )

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- c) Nangtukeun panjang kelas ( $p$ )

$$P = \frac{r}{K}$$

- d) Nangtukeun kelas frékuénsi obsérvasi ( $O_i$ )

- e) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung ékspéktasi

Tabél 3.5

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kelas Interval	$O_i$	Bk handap	Bk luhur	$Z_{itung}$	$Z_{tabel}$	L	$E_i$	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
$\chi^2$								

f) Nangtukeun batas kelas (BK)

g) Nangtukeun Z (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{BK - \bar{x}}{SD}$$

Katerangan:

Z : transformasi normal standar bébas kelas

BK : batas kelas luhur atawa batas kelas handap

$\bar{x}$  : peunteun rata-rata skor

SD : standar déviasi

h) Nangtukeun legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_{tabel\ luhur} - Z_{tabel\ handap}$$

i) Nangtukeun rumus-rumus frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = N \times L$$

j) Nangtukeun nilai chi kuadrat ( $\chi^2$ )

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

k) Nangtukeun darajat kabébasan (db)

$$db = K - 3$$

l) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria

$$\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabel} \text{ hartina distribusi data normal}$$

$$\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabel} \text{ hartina distribusi data teu normal}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273-293)

### b. Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variansi sampel tina populasi nu sarua. Léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) Ngitung variansi ( $S^2$ ) unggal kelompok

Variansi tés awal

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variansi tés ahir

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

- 2) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{S_1^2}{S_2^2}$$

- 3) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

- 4) Nangtukeun harga  $F_{\text{tabél}}$

- 5) Nangtukeun homogén atawa henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

a) Lamun  $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$  hartina variansi sampel homogén.

b) Lamun  $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$  hartina variansi sampel teu homogén.

(Sudjana, 2005, kc 95-250)

### c. Uji Gain

Tujuan uji gain nya éta pikeun mikanyaho béda anu signifikan antara hasil pratés jeung hasil pascaté. Hasil tina uji gain dipaké gambaran ngeunaan pangaruh média kartu kata bergambar dina pangajaran nulis karangan éksposisi

*Riki Sugiarto, 2014*

*Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

siswa kelas VII-B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014. Uji gain ngagunakeun tabél saperti ieu di handap:

Tabél 3.6

## Uji Gain Pratés jeung Pascatés

No Absén	Pratés	Pascatés	$d$	$d^2$
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1				
2				
$\Sigma$				

Keterangan:

$d$  = daya pembeda

$\Sigma$  = jumlah

### 3.6.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan, nya éta:

- 1) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peuteun pratés jeung peuteun pascatés, rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

- 2) Ngitung derajat kabébasan, rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

- 3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

- 4) Ngitung  $t$ , rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

$Md$  = rata-rata (*mean*) tina béda antara peuteun pratés jeung peunteun pascaté

$n$  = jumlah subjék dina sampel

$\sum x^2d$  = jumlah kuadrat déviiasi

$t$  = tés signifikansi

5) Nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria di handap:

a) Upama  $t_{itung} > t_{tabel}$  hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak, nya éta média kartu kata bergambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014.

b) Upama  $t_{itung} < t_{tabel}$  hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditolak jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditarima, nya éta média kartu kata bergambar teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII-B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014.

(Arikunto, 2010, kc. 118-349)